दिन—सोमवार दिनांक—10.11.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनावक दोसर आ अंतिम चरणक लेल सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। एहि चरण मे सुपौल, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण, सीतामढ़ी, पूर्णियां, कटिहार, भागलपुर, बांका, जमुई, गया आ औरंगाबाद सहित बीस जिलाक एक सय बाईस निर्वाचन क्षेत्र मे काल्हि मतदात होयत। मतदान भोरे सात बजे सँ शुरू होयत आ सांझ छओ बजे धरि चलत। जखनकि सुरक्षा कारण सँ कतेको निर्वाचन क्षेत्रक एक हजार दू सय दू मतदान केन्द्र सभ पर भोटिंग अवधि मे कटौती कयल गेल अछि। अपर मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी अमित कुमार पांडेय जनौलनि जे जमुई जिलाक चारू विधानसभा क्षेत्र सिकंदरा, जमुई, झाझा आ चकाई मे मतदान भोरे सात बजे सँ सांझ पाँच बजे धरि होयत। ओतहि कैमूर जिलाक चैनपुर आ नवादा जिलाक रजौली तथा गोविंदपुर विधानसभा क्षेत्र मे सेहो सांझ पाँचे बजे धरि भोट खसाओल जायत। श्री पांडेय जनौलनि जे कटोरिया, बेलहर, गोह, नवीनगर, कुटुंबा औरंगाबाद, रफीगंज, गुरूआ, शेरघाटी, इमामगंज, बाराचट्टी आ बोधगया निर्वाचन क्षेत्र सभक किछु चिन्हित मतदान केन्द्र पर सेहो सांझ पाँचे बजे धरि भोट खसाओल जायत।

---

दोसर चरण मे तीन करोड़ सत्तरि लाख सँ बेसी मतदाता एक सय छत्तीस महिला सहित एक हजार तीन सय दू प्रत्याशी लोकनिक भाग्यक निर्णय करताह। निर्वाचन आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार एहि चरणक लेल पैंतालीस हजार तीन सय निनानवे मतदान केन्द्र बनाओल गेल अछि। एहि मे पाँच सय पंचानवे पोलिंग बूथ महिला कर्मी आ एकैस मतदान केन्द्र दिव्यांगजन द्वारा संचालित होयत। ओतहि, तीन सय सोलह आदर्श मतदान केन्द्र सेहो बनाओल गेल अछि।

---

दोसर चरण मे एनडीए आ महागठबंधनक घटक दल सभक संग कतेको आन पार्टी सभक उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। एहि चरण मे भाजपा के बावन, जदयूक पैंतालीस, लोक जनशक्ति पार्टी—रामविलासक पन्द्रह, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक छओ, आ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक चारि उम्मीदवार लोकनिक भाग्यक निर्णय हेबाक अछि। ओतहि राजदक सत्तरि,

कांग्रेसक सैंतीस, विकासशील इंसान पार्टीक आठ, भाकपा–माले के पाँच सीपीआई के चारि आ सीपीएम के दू उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि।

———————————————————————

विधानसभा चुनावक अंतिम चरण मे नीतीश कैबिनेटक बारह मंत्री सहित कतेको दिग्गज लोकनिक चुनावी भाग्य के निर्णय हेबाक अछि। भाजपा सँ मंत्री प्रेम कुमार नीतीश मिश्रा, रेणू देवी, जदयू सँ मंत्री विजेन्द्र प्रसाद यादव, सुमित कुमार सिंह आ लेसी सिंह चुनावी मैदान मे छथि। कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम औरंगाबाद के कुटुंबा सँ जखनकि लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक प्रदेश अध्यक्ष राजू तिवारी गोविंदगंज निर्वाचन क्षेत्र सँ चुनाव लड़ि रहल छथि। एकर अलावे कांग्रेस विधायक दलक नेता शकील अहमद खान कदवा सँ, भाकपा–माले के महबूब आलम बलरामपुर सँ आ पूर्व विधानसभा अध्यक्ष उदय नारायण चौधरी राजदक टिकट पर सिकंदरा सीट सँ चुनावी मैदान मे छथि।

———————————————————————

दोसर चरणक मतदानक लेल सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार जनौलनि जे नेपाल सँ सटल सीमा तथा उत्तर प्रदेश, पश्चिम बंगाल आ झारखंड सँ लागऽवला अंतर राज्यीय सीमा सभ के सील कऽ चौकसी बढ़ा देल गेल अछि। भारत आ नेपालक मध्य जयनगर सँ जनकपुर के मध्य चलऽवला मैत्री रेल सेवा के परिचालन सेहो स्थगित कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

मतदाता भोटिंग के लेल मतदाता फोटो पहचान पत्र के अलावे बारह आन वैकल्पिक फोटोयुक्त पहचान पत्र मे सँ कोनो एक के उपयोग कऽ सकैत छथि। निर्वाचन आयोगक अनुसार वैकल्पिक पहचान पत्र मे आधार कार्ड, मनरेगा जॉब कार्ड, बैंक अथवा डाकघर द्वारा जारी कयल गेल फोटोयुक्त पासबुक, आयुष्मान भारत के अंतर्गत जारी स्वास्थ्य बीमा कार्ड, फोटोयुक्त पेंशन दस्तावेज, ड्राईविंग लाइसेंस, पैन कार्ड, विशिष्ट दिव्यांगता आईडी कार्ड आ पासपोर्ट सहित आन पहचान पत्र सम्मिलित अछि।

———————————————————————

दोसर चरणक चुनाव के दिन संबंधित विधानसभा क्षेत्र मे सभ सरकारी, सार्वजनिक आ निजी क्षेत्रक कार्यालय सभ मे सवैतनिक अवकाश रहत। एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आ महागठबंधन मुख्यमंत्री पदक उम्मीदवार तेजस्वी प्रसाद यादव भाजपा शासित राज्य सभ सँ सुरक्षा बल के बजेबा पर आपत्ति जनौलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री यादव कहलनि जे सुरक्षा बलक दू सय आठ कंपनी भाजपा शासित राज्य सँ आयल अछि। ओतहि, अड़सठि प्रतिशत पुलिस ऑब्जर्वर सेहो एहि राज्य सँ लगाओल गेल अछि। श्री यादव एखन धरि पहिल चरण मतदानक आकड़ा जारी नहि करबा पर निर्वाचन आयोगक आलोचना कयलनि। ओ कहलनि जे मतदानक चारि दिनक बादो आकड़ा सार्वजनिक नहि कयल गेल अछि जे आयोगक मंसा पर प्रश्न उठबैत अछि।

———————————————————————————

एम्हर, एनडीए राजद आ कांग्रसक आरोपक जबाव दैत कहलक अछि जे संभावित पराजय के देखैत ई सभ दल घबराहट मे छथि। पार्टीक वरिष्ठ नेता रविशंकर प्रसाद कहलनि जे सुरक्षा बलक तैनाती करब अथवा मतदानक आकड़ा जारी करब चुनाव आयोगक काज अछि। नव दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत श्री प्रसाद कहलनि जे जखन महागठबंधन घटक दल सभक मोन मोताबिक चीज नहि होयत अछि तऽ ओ संवैधानिक संस्था पर दोषारोपण करऽ लागैत छथि।

———————————————————————————

समाप्त भेल